

**(Lyen Lakay) Inite 3: Van ak Dlo: Semèn 5**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou van ak dlo. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen. **AMIZE N!**

Non timoun nan: _____

Alfabetizasyon

Powèm: Resite ansanm.
Sa a se yon powèm pitit ou
dwe abitye avè l.

Raindrops

Raindrops, raindrops
Falling all around!
Pitter-patter on the ground.
Here is my umbrella.
It will keep me dry!
When I go walking in the rain,
I hold it up so high.
Pitter-patter, raindrops
Falling from the sky!
Here is my umbrella
To keep me safe and dry!
When the rain is over
And the sun begins to glow,
Little flowers start to bud
And grow and grow and grow!
- Anonim

Dekouvèt**Eksperyans sou fonn objè:**

Anrapò ak istwa *The Snow Day*

Mete yon resipyan klè ki genyen nèj/glas ladan l nan frijidè a epi mete yon lòt sou kontwa a. Tcheke resipyan yo chak kèk èdtan epi pale ak pitit ou an sou sa k ap pase.

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Kilès nan yo ou panse k ap fonn pi rapid e pou ki sa?
- Ki sa w remake?
- Pou ki sa w panse sa ki sou kontwa a te fonn pi rapid?

**Pale epi Li Ansanm
(20 minit)****Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:**

- Sou ki sa w panse liv sa a pale?
- Ki pati w pi renmen nan istwa a?
- Ki premye bagay ki pase nan istwa a?
- Ki sa w panse ki ka rive aprè?
- Ki pèsonaj ou pi renmen nan istwa a?

Matematik**Jwèt mete bagay nan lòd:**

Kolekte plizyè atik nan kay la: bouchon boutèy, anvlop, ti bwat piti, kouvèti, et setera. Mande pitit ou an pou l mete yo nan lòd, jan l vle.

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Pou ki sa w mete _____ (bouchon boutèy la) nan gwoup sa a?
- Ki jan w ta dekri _____ (bwat) sa a?
- Ki sa ki menm nan oswa ki diferan ant _____ ak _____?

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou van ak dlo!

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

Liv n ape li lekòl la:

Gilberto and Wind ekriven: Marie Hall Ets
One Dark Night ekriven: Hazel Hutchins
Bringing the Rain to Kapiti Plain ekriven: Verna Aaderma
Thunder Cake ekriven: Patricia Polacco

Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

Mouse Shapes ekriven: Ellen Stoll Walsh
Shapes, Shapes, Shapes ekriven: Tana Hoban

Kèk konsèy pou lè n ap li ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “**Hurl** vle di pou lanse yon bagay ak anpil fòs.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Èske yon tanpèt janm reveye w nan nuit? Ki jan w te santi w?”